



Èd pou Peye Depans Fineray

Èd pou Antèman

Biwo Sèvis Antèman HRA (Office of Burial Services, OBS) ka bay èd finansyè pou ede w peye depans fineray yo pou yon rezidan nan Vil New York ki pa t gen gwo revni ki mouri. Sa a ka aplikab pou swa depans fineray ki te deja peye, oswa apwobasyon alavans pou depans yon fineray ki planifye.

Kisa ki ka Garanti

OBS ka peye jiska \$1,700 pou depans pou bòdwo fineray pou dispozisyon final yon moun ki mouri (ki gen ladann antèman, ensinerasyon oswa antere san kremasyon) pou fanmi, zanmi, zanmi òganizasyon an oswa reprezantan otorize moun ki mouri a.

Nan ka fakti antèman an depase limit \$ 3400 a, y ap pran nan fakti total la depans teren antèman an, ouvèti kavo a, oswa ensinerasyon an ak kote fakti ki rete a mwens pase \$ 3400 y ap apwouye yon alokasyon pou antèman.

Kalifikasyon

Yon alokasyon pou antèman ka disponib pou peye antèman yon Nouyòkè ki pa t gen gwo revni san resous oswa byen ki disponib pou kouvri depans lan.

Pou detèmine kalifikasyon an, yo dwe soumèt yon aplikasyon epi OBS ap evalye sikostans endividiyèl chak ka yo.

Dokiman sipò

OBS pral aksepte yon foto oswa yon imaj eskane nan yon dokiman atravè imel, men li ka mande yon kopi papye si imaj la oswa foto a pa lizib. Anba la a se yon lis dokiman jeneral ki nesesè pou kòmanse trete aplikasyon alokasyon pou antèman an. OBS ka mande lòt dokiman pou detèmine kalifikasyon sou baz reyalite ak sikostans chak ka.

- Yon Fòm Aplikasyon Alokasyon pou Antèman M-860W moun k ap aplike a oswa reprezantan otorize a ranpli epi siyen. Gade aplikasyon an pou plis detay.
- Yon kopi orijinal sètifye Sètifikasi Lanmò a (y ap retounen I bay moun k ap aplike a).
- Yon kopi Kontra Fineray la yo rele tou Deklarasyon Byen ak Sèvis Seleksyon yo. Direktè Ponp Finèb la ak moun ki te fè aranjman fineray yo dwe siyen kontra a.
- Yon kopi fakti simityè a oswa kremasyon an, ki detaye tout depans yo.
- Direktè Ponp Finèb la siyen fakti orijinal fineray detaye a ak sètifye I nan prezans yon Notè Piblik oswa yon Komisè Tit Pwopriyete. Fakti fineray la dwe gen so "Peye konplè" si tout chaj yo peye deja epi moun ki aplike a ap chèche ranbousman.
- Orijinal fòm Deklarasyon sou Sèman Direktè Ponp Finèb la byen ranpli epi Direktè Ponp Finèb la epi sètifye I an prezans yon Notè Piblik oswa yon Komisè Tit Pwopriyete, si yo toujou dwe lajan nan etablisman finèb la.

Pou Aplike

Moun k ap aplike a ki responsab pou aranjman fineray yo oswa reprezantan li a dwe ranpli yon aplikasyon nan **sanven (120) jou** soti nan dat lanmò moun ki mouri a ak Biwo Sèvis Antèman (Office of Burial Services).

Ou ka jwenn aplikasyon Alokasyon pou Antèman (fòm M-860W) sou entènèt lè w ale sou <http://nyc.gov/hra> epi klike sou 'Mwen bezwen èd' ak 'Èd Antèman', oswa mande yon aplikasyon lè w rele Biwo Sèvis Antèman an. Ou ka antre enfòmasyon aplikasyon an dirèkteman sou fòm ki disponib sou sit entènèt la.

Ou ka soumèt Aplikasyon w lan:

Imèl

Ou ka voye aplikasyon an nan imèl bay BurialServices@hra.nyc.gov

Telefòn

Rele nan **718-557-1399** si ou bezwen yon kopi aplikasyon an epi n ap voye ba ou nan lapòs oswa imèl yon aplikasyon. Si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon sou entènèt la, rele nou.

Fas-a-Fas oswa nan kourye lapòs:

NYC HRA Office of Burial Services
33-28 Northern Blvd. - 3rd Floor
Long Island City, NY 11101.
Rele nan **718-557-1399** pou chèche konnen kilè biwo yo louvri.

Faks

Ou ka voye aplikasyon an nan faks bay **917-639-0476**

Pèman

Nan ka kote gen ranbousman pou bay yon moun, pou resevwa yon peman, w ap bezwen yon fòm idantifikasiyon pou verifye non ak adres moun k ap resevwa peman an nan men HRA. Yon W-9 ap obligatwa pou peman yon Zanmi Òganizasyonèl, yon ponp finèb oswa yon founisè sèvis fineray. OBS ka ede w mande enfòmasyon sou W-9 la.